



Ivè 2025

Chè fanmi,

Timoun ki fèt an 2021 ap kòmanse kindergarten an otòn 2026. Dapre dosye nou, pitit ou a fèt an 2021 epi l ap resevwa sèvis edikasyon espesyal pou preskolè oswa yo gen pou yo evalye li. Nou konnen tranzisyon nan kindergarten ap make yon chapit enpòtan nan vi pitit ou a, epi n ap tann pou travay avèk ou pandan w ap aplike pou kindergarten ak nan planifikasyon pou pitit ou a fè tranzisyon pou sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl. Apati kòmansman ivè a, yon reprezantan Lekòl Leta Vil Nouyòk ap kontakte w pou gide w nan tranzisyon sa a. Mwen ekri w pou pataje kèk enfòmasyon ki gen pou wè avèk fason ou ka prepare w pou mwa k ap vini yo.

Patisipe nan yon Reyinyon oryantasyon pou kindergarten epi resevwa yon kopi Gid oryantasyon Kindergarten nou an

Tanpri vin patisipe avèk nou nan yon Reyinyon oryantasyon kindergarten nan mwa novanm, desanm oswa janvyè sa a pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis admisyon kindergarten lan (Aplike pou kindergarten) ak pwosesis IEP kindergarten KIP la (Pou detèmine sèvis ak sipò pou edikasyon espesyal). Pandan seminè andirèk sou entènèt nou an, w ap resevwa tou yon kopi Gid oryantasyon kindergarten lan, ki gen ladan enfòmasyon detaye sou tranzisyon pou kindergarten. Tanpri gade orè nou voye ba w la pou gen plis enfòmasyon sou reyinyon oryantasyon kindergarten nou yo.

Aplike nan kindergarten

Tout fanmi, ladan fanmi elèv ki gen andikap sipoze aplike pou kindergarten. Fanmi ka aplike sou entènèt nan nycschools.org, pa telefòn nan 718-935-2009, oswa nan kontakte yon Sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center) (schools.nyc.gov/welcomecenters). Itilize MySchools.nyc, anyè ak zouti aplikasyon sou entènèt nou an k ap disponib pou jwenn plis enfòmasyon sou lekòl ki pou sektè zòn ou an ak sou lòt lekòl ki enterese w. Pou konnen nan ki sektè/zòn ou abite (Zoned schools), ale sou entènèt nan schools.nyc.gov/Find-a-school epi mete adrès ou, oswa rele 311. Pou enfòmasyon sou jounen pòt ouvèt (*open house*) ak vizit nan lekòl, ale sou sitwèb nou an nan schools.nyc.gov/Kindergarten, oswa kontakte lekòl la pou konnen dat ak lè yo. Tanpri pataje l avèk fanmi w ak zanmi w ki gen timoun ki fèt an 2021.

Li enfòmasyon ou jwenn yo sou preparasyon pou kindergarten: De pwosesis, edikasyon espesyal nan lekòl Vil Nouyòk ak dwa ou genyen kòm paran.

Nou pran angajman pou travay avèk fanmi pou asire elèv preskolè ale nan kindergarten avèk sèvis k ap pèmèt yo briye. N ap kontan travay avèk ou pou tranzisyon nan kindergarten lan fèt san pwoblèm.

Avèk senserite,

Jessica Wallenstein
Direktè egzekitif anchèf
Komite sou edikasyon espesyal

Reyinyon oryantasyon Kindergarten

pou fanmi elèv ki gen andikap ki fèt an 2021

WEBINAR ANDIRÈK (Sou entènèt)

Tanpri itilize link enskripsyon pou jou ou ta renmen patisipe a pou w ka enskri davans.

13 NOVANM

JEDI

6:00pm — 7:30pm

ID pou reyinyon an:
280 804 861 892 7

Kòd: VX9Tu9ft

Lyen pou enskri:
<https://tinyurl.com/Nov13KOM>

2 DESANM

MADI

9:30am — 11:00am

ID pou reyinyon an:
244 006 133 324 5

Kòd: kr98rf2s

Lyen pou enskri:
<https://tinyurl.com/Dec02KOM>

4 DESANM

JEDI

6:00pm — 7:30pm

ID pou reyinyon an:
284 984 923 539 3

Kòd: z8xA9Gg9

Lyen pou enskri:
<https://tinyurl.com/Dec04KOM>
PANYÒL SÈLMAN

8 JANVYE

JEDI

9:30am — 11:00am

ID pou reyinyon an:
266 501 423 274 7

Kòd: Uz9Va72b

Lyen pou enskri:
<https://tinyurl.com/Jan08KOM>
PANYÒL SÈLMAN

27 JANVYE

MADI

9:30am — 11:00am

ID pou reyinyon an:
222 695 244 182 3

Kòd: c8br7YM2

Lyen pou enskri:
<https://tinyurl.com/Jan27KOM>

Pou w ka patisipe nan webinar la, itilize ID reyinyon an ak kòd la, eskane kòd QR la oswa ale sou:

<https://www.microsoft.com/en-us/microsoft-teams/join-a-meeting>



Vin patisipe avèk nou pou jwenn plis enfòmasyon sou yon Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) pou Kindergarten, sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl ak aplike pou kindergarten!

- Yo bay menm enfòmasyon yo nan tout reyinyon yo. Fanmi gen dwa ale nan nenpòt reyinyon ki pi bon pou yo a. **Nou ankouraje w enskri davans.**
- Reyinyon yo ap kòmanse alè. Tanpri log in 15 minit avan sesyon an kòmanse.
- Si w bezwen entèpretasyon pou lang albanè, arab, bengali, kantonè, franse, kreyòl aysyen, koreyen, mandaren, ris, ikrenyen, oudou oswa uzbèk, tanpri ale sou schools.nyc.gov/KindergartenSpecialEducation pou gade webinar nou an avèk soutitraj.

T-38953 (Haitian Creole)

NYC
Public
Schools

Kindergarten Orientation Meetings

for Families of Students with Disabilities Born in 2021

LIVE WEBINAR (Online)

Please register in advance by using the registration link for the day you would like to attend.

NOV 13

THURSDAY

6:00pm—7:30pm

Meeting ID:

280 804 861 892 7

Passcode: VX9Tu9ft

Registration Link:

<https://tinyurl.com/Nov13KOM>

DEC 2

TUESDAY

9:30am—11:00am

Meeting ID:

244 006 133 324 5

Passcode: kr98rf2s

Registration Link:

<https://tinyurl.com/Dec02KOM>

DEC 4

THURSDAY

6:00pm—7:30pm

Meeting ID:

284 984 923 539 3

Passcode: z8xA9Gg9

Registration Link:

<https://tinyurl.com/Dec04KOM>

SPANISH ONLY

JAN 8

THURSDAY

9:30am—11:00am

Meeting ID:

266 501 423 274 7

Passcode: Uz9Va72b

Registration Link:

<https://tinyurl.com/Jan08KOM>

SPANISH ONLY

JAN 27

TUESDAY

9:30am—11:00am

Meeting ID:

222 695 244 182 3

Passcode: c8br7YM2

Registration Link:

<https://tinyurl.com/Jan27KOM>

To join the webinar using the Meeting ID and Passcode, scan the QR code or visit:

<https://www.microsoft.com/en-us/microsoft-teams/join-a-meeting>



Please join us to learn more about a Kindergarten Individualized Education Program (IEP), special education services for school-age students, and applying to Kindergarten!

- All meetings cover the **same** information. Families are welcome to attend any meeting that is convenient for them. **We encourage you to register in advance.**
- Meetings will begin promptly. Please log in 15 minutes early prior to start time.
- If you need interpretation for Arabic, Bengali, Cantonese, French, Haitian Creole, Korean, Mandarin, Russian, or Urdu, please visit schools.nyc.gov/KindergartenSpecialEducation to view our webinar with provided closed captioning.



NYC
Public
Schools



Preparasyon pou kindergarten: *De pwosesis*

Fanmi tout timoun Vil Nouyòk k ap gen laj senkan ane sa a sipoze aplike pou kindergarten pou yo jwenn yon òf. Pwosesis "admisyon nan kindergarten" lan se chans ou pou montre ki lekòl nan 32 distri NYC yo ou ta pi renmen pitit ou a ale (sonje pifò timoun ale nan lekòl ki anndan yon sektè/zòn nan distri yo.

Kòm fanmi yon timoun ki fèk pral nan kindergarten ki ka bezwen sèvis edikasyon espesyal, ou pral patisipe tou nan pwosesis "KIP" la. Nan pwosesis sa a, ekip IEP pitit ou a pral detèmine si li bezwen sèvis edikasyon espesyal nan kindergarten, epi ki sèvis yo pral ye, si li bezwen. Anpil timoun ki nan kindergarten ki bezwen sèvis edikasyon espesyal resevwa sèvis sa yo nan lekòl yo te ofri yo nan pwosesis admisyon kindergarten lan.

Admisyon nan kindergarten (Aplike nan kindergarten)

Etap 1: Apati mitan otòn rive nan kòmansman ivè, ou ta dwe *gade opsyon ou genyen* pou kindergarten. Itilize MySchools.nyc pou eksplòre opsyon ou genyen.

Etap 2: An ivè, ou ka *kòmanse aplike* nan kindergarten. Asire w voye yon aplikasyon nan delè a.

Etap 3: Si w te aplike pou kindergarten epi ou te voye aplikasyon w lan nan delè a, w ap resevwa yon *Lèt òf* nan prentan an.

Etap 4: Apre ou fin resevwa yon *Lèt òf*, w ap *enskri* pitit ou a nan lekòl la (depi kòmansman jiska fen prentan).

KIP (Detèmine sèvis ak sipò pou edikasyon espesyal)

Etap 1: Pwosesis KIP la kòmanse lè ou resevwa yon *avi rekòmandasyon* pa lapòs. Ou ka resevwa avi sa a nan kòmansman ivè pou rive an ete.

Etap 2: Si sa nesèsè, yo pral reevalye pitit ou a.

Etap 3: Si pitit ou a gen kèk bezwen sante, ou ta dwe bay reprezantan DOE a nenpòt fòm medikal ki nesèsè pi vit posib. Pa rete tann jis lè reyinyon IEP a.

Etap 4: Ou pral patisipe nan yon reyinyon IEP pou kindergarten. Reyinyon yo ap fèt ant mwa mas ak fen mwa out. Dat reyinyon yo pral depann sou kilè ou te kòmanse pwosesis KIP a.

Etap 5: Si pitit ou a bezwen sèvis edikasyon espesyal nan kindergarten, w ap resevwa yon *Lèt koulè vèt* sou lokal lekòl ou prale a (School Location Letter). W ap resevwa lèt sa a nan fen ane lekòl la rive fen out, sa depann sou kilè ou te kòmanse pwosesis KIP la.

Si w aplike pou Kindergarten, plas ou resevwa a nan lèt koulè vèt la ap menm lekòl ki te nan lèt òf ou a, (sofsi yo rekòmande pou pitit ou a ale nan yon pwogram espesyalize (Distri 75) NYCPS nan IEP li a oswa sofsi yo te aksepte li nan yon pwogram espesyalize). Si w pa aplike pou kindergarten, ou pa p resevwa yon *Lèt òf*, men pitit ou a ap toujou resevwa yon plas nan lekòl apre reyinyon IEP pitit ou a.



Edikasyon espesyal nan lekòl leta Vil Nouyòk

Nou pran angajman pou asire tout elèv ki gen andikap:

- gen aksè nan kou ki egzijan epi pou yo rive atenn nòm akademik ki elve
- jwenn enstriksyon nan klas avèk elèv parèy yo ki pa gen andikap nan mezi sa posib
- kapab ale nan lekòl ki nan zòn/sektè yo abite (zoned schools), oswa nan lekòl yo renmen an, depi sa posib, pandan y ap resevwa sipò yo bezwen pou reyisi.

Tout elèv ki gen andikap ki bezwen sèvis edikasyon espesyal gen Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Programs, IEP). Se yon ekip ki kreye IEP a, ki gen ladan oumenm, moun k ap bay swen an. Li gen enfòmasyon sou sa pitit ou a renmen, fòs li, ak bezwen li. IEP a idantifye tou objektif pou ane lekòl la epi li dekri pwogram ak sèvis edikasyon espesyal ki ede avèk bezwen espesyal (related services) y ap bay pitit ou a pou ede li satisfè objektif sa yo.

Edikasyon espesyal se pa yon “klas” oswa yon “kote.” Edikasyon espesyal dekri yon seri sipò ak sèvis:

- Yon IEP ka gen diferan tip kou ak sèvis pou diferan pati nan jounen lekòl la.
 - Paegzanp, yon elèv ki bezwen plis sipò nan lekti ka resevwa enstriksyon nan lekti - nan anviwònman yon klas ki pa gen anpil elèv epi pase rès jounen an nan yon klas edikasyon jeneral.
- Yon IEP ka genyen sèvis y ap bay nan salklas la.
 - Paegzanp, yon terapis pou pwononsyasyon ka travay avèk yon elèv pandan yon sesyon nan salklas la.
- Yon IEP ka gen ladan sèvis y ap bay yon lòt kote.
 - Paegzanp, yon konseye pedagogik ka travay avèk yon elèv nan biwo li.

Avèk plan ki fèt pou satisfè bezwen espesifik chak timoun, lekòl kapab ofri elèv ki gen andikap otan aksè posib nan kourikoulòm edikasyon jeneral la.



Dwa paran pandan pitit yo ap fè tranzisyon pou kite preskolè

Kòm paran yon elèv k ap antre nan kindergarten, ou gen yon pakèt dwa pandan tranzisyon pou sèvis edikasyon espesyal pou kindergarten lan.

- Dwa pou dakò oswa pou pa dakò pou nenpòt nouvo evalyasyon ekip IEP a egzije pou fè.
 - Sonje: Si pitit ou a gen yon IEP preskolè epi ekip IEP a fè efò pou jwenn konsantman w epi ou pa reponn, yo ka fè evalyasyon yo san konsantman w.
- Dwa pou mande pou yo fè evalyasyon espesifik lè ekri reprezantan Lekòl Leta Vil Nouyòk ou a.
- Dwa pou bay ekip IEP a kopi evalyasyon prive ak pou fè ekip IEP a konsidere rapò sa yo.
- Dwa pou w se yon manm egalego nan ekip IEP pitit ou a ak pou patisipe kòm sadwa nan desizyon k ap pran avèk prezans ou nan tout reyinyon IEP yo.
- Dwa pou mennen lòt moun ki gen konnesans oswa ki se ekspè espesyal nan ka pitit ou a patisipe nan reyinyon IEP yo pou ede nan pwosesis desizyon y ap pran yo.
- Dwa pou resevwa kopi rapò evalyasyon ak rapò pwogrè pitit ou avan reyinyon IEP a epi resevwa kopi IEP pitit ou a nan espas de semèn apre reyinyon IEP a.
- Dwa pou mande pou yo fè yon lòt reyinyon IEP, yon medyasyon oswa yon odisyon san patipri oswa fè yon plent ba Eta Nouyòk, si w pa dakò avèk desizyon yo pran konsènan pitit ou a lè w ale nan <https://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/due-process-impartial-hearings-and-mediation>
- Dwa pou ekri ekip IEP a nenpòt lè pou anile konsantman w lan pou tout pwogram ak sèvis ki gen rapò avèk edikasyon espesyal yo. Si w fè sa, dosye pitit ou a pral montre li te resevwa sèvis edikasyon espesyal preskolè.

Ou gen dwa pou resevwa entèpretasyon nan reyinyon edikasyon espesyal, ak tradiksyon IEP, evalyasyon ak avi. Ou ka pale avèk yon manm nan ekip IEP pitit ou a pou mande sèvis aksè nan lang. Ou ka mande pou yo tradui IEP pitit ou a tou si w ale nan [schools.nyc.gov/IEPHello](https://www.schools.nyc.gov/IEPHello) oswa si w rele nan 718-935-2013. Si w gen kesyon konsènan sèvis aksè nan lang, tanpri suiv pwosesis yo mete nan sitwèb Lekòl Leta NYC a (nan [schools.nyc.gov/connect-with-us](https://www.schools.nyc.gov/connect-with-us)). Si pwoblèm ou an pa rezoud onivo lekòl la oswa distri a, ou ka depoze yon plent. Yo bay detay sou kòman pou pote plent nan sitwèb NYCPS la (nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/school-environment/get-help/parent-complaints-and-appeals>).

Ou gen dwa pou resevwa avi sou lekòl ak sèvis edikasyon espesyal y ap ofri pitit ou a nan yon delè espesifik. Pou yon elèv ki pral gen laj 5 ane nan ane kalandriye sa a epi k ap antre nan kindergarten an otòn lan:

Si yo fè yon rekòmandasyon...	...yo dwe ofri elèv la yon plas pou pi ta:
Ant 2 septanm ak 3 mas	15 jen
Ant 4 mas ak 1ye avril	15 jiyè
Ant 2 avril ak 12 me	17 out
Ant 13 me ak 31 out	60 jou lekòl apati dat rekòmandasyon an

Sa vle di, si pitit ou a te gen yon IEP preskolè avan mwa mas, oswa si w rekòmande li pou evalyasyon edikasyon espesyal avan mwa mas, NYCPS dwe voye avize w konsènan sèvis ak òf lekòl pou septanm lan rive 15 jen. Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) ap presize sèvis y ap ofri pitit ou a epi l ap fè w konnen nan ki lekòl pitit ou a ap resevwa sèvis sa yo.

- Tanpri rele 311 oswa voye yon imèl nan T5Placement@schools.nyc.gov si w pa resevwa yon òf pou yon plas pa lapòs nan espas kèk jou apre delè nou mete pi wo a. Si IEP a rekòmande klas espesyal epi Lekòl Leta NYC pa ba li plas yo rekòmande a nan delè nou mete nan tablo pi wo a, ou ka gen dwa pou mete pitit

ou a nan yon pwogram apwopriye lekòl prive Depatman edikasyon Eta Nouyòk apwouve ki gen yon plas san w pa peye anyen. Ou gen dwa pou mande Lekòl Leta NYC peye pou yon evalyasyon endepandan si ou pa dakò avèk evalyasyon Lekòl Leta NYC fè a. Ou dwe fè Lekòl Leta NYC konnen demann sa a alekri. Lekòl Leta NYC ap swa dakò peye pou yon evalyasyon endepandan swa l ap kòmanse pwosesis yon odisyon san patipri pou montre evalyasyon li an te kòrèk.

- Ou gen dwa pou Lekòl Leta NYC peye yon evalyasyon endepandan pou ou, si Lekòl Leta NYC pa t fè evalyasyon pitit ou a nan delè ki nan tablo pi ba a (amwenske Lekòl Leta NYC pat responsab reta a).

Si yo resevwa demand pou fè yon lòt evalyasyon...	...yo dwe fè evalyasyon an pou pi ta:
Ant 2 septanm ak 3 mas	1ye jen
Ant 4 mas ak 1ye avril	1ye jiyè
Ant 2 avril ak 12 me	3 out
Ant 13 me ak 31 out	60 jou lekòl apati dat rekòmandasyon an

Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa paran elèv ki gen andikap, gade *Gid fanmi pou sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl (Family Guide to Special Education School-Age Services)* ki disponib [sou entènèt](https://schools.nyc.gov/special-education/help/contacts-and-resources) nan <https://schools.nyc.gov/special-education/help/contacts-and-resources> ak *Avi garanti sou pwosedi Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la: Dwa pou paran timoun ki gen andikap, laj 3-21* (Deklarasyon dwa fanmi) disponib [sou entènèt](https://schools.nyc.gov/special-education/help/your-rights) nan <https://schools.nyc.gov/special-education/help/your-rights>. Toude dokiman yo disponib nan lekòl yo.